



Pou Piblikasyon Imedya: 29/3/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI ONORE VETERAN VYETNAM
NEW YORK YO AK FANMI YO POU SÈVIS AK SAKRIFIS YO**

15 moniman istorik yo pral limen vèt, jòn ak wouj

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 29 mas 2024 kòm Jounen Veteran Vyetnam (Vietnam Veterans Day) nan Eta New York, pou onore sakrifis ak bravou Veteran Vyetnam nan eta ak nasyon nou an epi make 51 ane apati dat dènnye twoup konba Ameriken yo te kite Repiblik Vyetnam. Yo pral limen moniman istorik atravè eta a nan koulè vibran Meday Sèvis Vyetnam lan, ki senbolize valè moun ki te sèvi pandan peryòd istorik sa a. Koulè vèt, jòn ak wouj yo reprezante manm sèvis vanyan ki te sèvi sou tèren an nan Vyetnam, Kanbòdj, Laos, Thailand, oswa nan dlo ak espas aeryen ki antoure yo.

"Veteran Vyetnam yo reprezante kouraj ak dezenteresman, epi li esansyèl pou nou rekonèt ak onore kontribisyon yo nan peyi nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap limen moniman istorik nou yo nan onè yo, nou ekprime pi gwo rekonesans nou ak respè pou sèvis pa yo."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Veteran Vyetnam nou yo te merite depi lontan rekonesans ak apresyasyon yo dwe yo. Atravè jès sa a, nou fè efò pou asire ke yo pa janm bliye sakrifis yo epi ke eritaj sèvis yo kontinye enspire jenerasyon k ap vini yo."

Avèk yon estimasyon 198,173 Veteran Vyetnam ki abite nan Eta New York, nou pa ka nye enpak dirab yo. Non 4,119 Nouyòkè ki te fè sakrifis final la pandan lagè a grave ansanm ak plizyè milye lòt sou Mi Mempryal Vyetnam lan nan Washington, D.C. Memoryal Vyetnam Eta New York la, ki sitiye nan Empire State Plaza nan Albany, sèvi kòm yon rapèl pwayan sou valè yo ak sakrifis yo.

Yo pral limen moniman istorik eta sa yo an vèt, jòn ak wouj aswè a:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)

- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran yo

Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, k ap sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran, manm sèvis yo, ak fanmi militè depi 1945, kenbe yon angajman nan tout nivo tout ajans lan pou sèvi tout veteran, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo. Sèvis yo gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini (United States Department of Veterans Affairs), apèl pou amelyorasyon liberasyon nan Depatman Defans Etazini, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Depatman an nan 888-838-7697 oswa vizite veterans.ny.gov pou rankontre — an pèsòn oswa vityèlman avèk yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X \(anvan li te rele Twitter\)](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)